



**PANGANDIKAN BUPATI SLEMAN
WONTEN ING UPACARA PENGETAN
RI-DUMADOSIPUN INGKANG KAPING STATUS SANGA
KABUPATEN SLEMAN
SURYA KAPING GANGSAL WELAS, WULAN MEI,
WARSA KALIH EWU SELANGKUNG**

Assalamu'alaikum Warahmatullahi Wabarakatuh,

Syallom;

Om Swastiastu;

Namo Buddhaya;

Salam kebajikan;

Mugi karaharjan kagem kita sedaya;

Rahayu.

Ingkang kinurmatan :

Rencang-rencang Forkopimda Kabupaten Sleman;

Para Pangarsa DPRD Kabupaten Sleman;

Para Pangarsa Dinas / Badan / Bagian / ing Kabupaten Sleman;

Para punggawa paprentahan ing Kabupaten Sleman;
Sedaya paraga upacara lan para rawuh ingkang satuhu kinurmatan.

Puji syukur konjuk wonten ngarsanipun Gusti ingkang Maha Welas Asih, ingkang tansah paring kawilujengan, katentreman lan kabagas-warasan kagem kita sedaya, wusana ndayani kula lan panjenengan sedaya saged nindakiadicara hamengeti ridumadosipun ingkang kaping satus sanga Kabupaten Sleman.

Ing wekdal menika kula ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa upami dumateng sedaya pangarsaning OPD wonten ing Pamarentah Kabupaten Sleman ingkang sampun makarya kanthi greget, sengkut, nindakaken sedaya kridha lan programipun, satemah pikantuk asil ingkang ngremenaken. Mboten kesupen kula ugi ngaturaken matur nuwun awit panjurung, panyengkuyung, sedaya warga masyarakat Sleman

satemah Kabupaten Sleman saget pikantuk maneka warni bebingah pangalembana saking pamarentah pusat saha pamarentah DIY.

Sagung tamu lan paraga Upacara ingkang kinurmatan.

Pengetan ridumadosipun Kabupaten Sleman meniko mugi mujudtaken wekdal ingkang sae tumrap sedaya pangemban pangembating praja Pamarentahan Kabupaten lan masyarakat Sleman kangge mawas diri lan langkung greget malih angenipun sesarengan makarya ndadosaken Kabupaten Sleman ingkang majeng, adil, makmur lestari, lan berkeadaban. Kanthi pengetan menika kula nggadhahi pangajab mugi mugi sedaya warga lan sedaya pangarsaning praja ing Kabupaten Sleman, saged golong gilig nindakaken pembangunan kangge raharjaning sedaya warga Sleman. Menika jumbuh kaliyan irah-irahan pengetan kaping satus sanga Kabupaten Sleman inggih menika "**Gumolong Hanggayuh Mukti**".

Allhamdulillah ing warsa kalih ewu patlikur Indeks Pembangunan Manusia utawi IPM ing Kabupaten Sleman agengipun wolung ndasa gangsal koma pitung ndasa

setunggal (85,71) mlebet kategori IPM ingkang inggil sanget. Menawi dipun bandingaken kaliyan IPM ing warsa kalih ewu telulikur mindak nol koma wolung ndasa gangsal (0,85). IPM Sleman menika langkung inggil katimbang IPM ipun DIY ingkang agengipun wolung ndasa setunggal koma sewidak kalih (81,62) lan IPM ipun Nasional ingkang agengipun pitung ndasa gangsan koma nol kalis (75,02).

Ing wekdal menika kula ugi ngaturaken agenging panuwun dhumateng sedaya punggawa paprentahan ing Kabupaten Sleman awit sampun nuhoni nindak aken jejibahanipun kanthi sae satemah ing warsa kalih ewu selangkung menika Kabupaten Sleman kasil pikantuk predikat Wajar Tanpa Pengecualian utawi WTP ingkang kaping sekawan welas (14) tanpa kendat saking BPK DIY.

Kula nggadhahi pangajab bilih menapa ingkang sampun saged dipun gayuh Pemkab Sleman menika saged dipun tingkataken malih. Kanthi semangat gotong royong lan golong gilig kita saged mujudaken Kabupaten Sleman ingkang majeng, adil, makmur, lestantun lan berkeadaban.

Menika ingkang saged kula aturaken ing wekdal

menika. Ing wasana mugi Gusti tansah paring sih nugraha dhumateng kula panjenengan sedaya warga masyarakat Sleman. Matur nuwun.

Wassalamua'alaikum Wr. Wb;

Om Shanti Shanti Shanti Om;

Namo Buddhaya;

Salam Kebajikan;

Rahayu.

Sleman, 15 Mei 2025

Bupati Sleman

HARDA KISWAYA